



## Kesyon moun poze souvan: Vaksen kont COVID-19 la

Mizajou **9 mas 2021**: Enfòmasyon yo toujou ap evolye rapidman epi BPHC pral modifye enfòmasyon sa yo lè gen nouvo enfòmasyon enpòtan ki vin disponib. Epitou, li pral idantifye kesyon nouvo ak sa ki ajou yo an **wouj**.

### DISPONIBILITE VAKSEN YO

#### 1. Konbyen vaksen epi ki tip vaksen yo ap devlope?

Genyen plizyè dizèn vaksen y ap devlope kounye a. Gen kèk ladan yo ki prèske rive nan dènye etap devlopman yo. Yo te apwouve vaksen de konpayi fabrikan, sètadi Pfizer ak Moderna, an desanm 2020. Yo te apwouve vaksen Johnson and Johnson's lan an fevriye 2021.

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/index.html>.

#### 2. Ki kote mwen kapab jwenn vaksen an?

Vaksen yo disponib nan Massachusetts depi desanm 2020. Gwoup Konsiltatif pou COVID-19 Eta Massachusetts la te deside pou mete premye dòz yo a dispozisyon moun ki gen plis risk pou yo pran COVID-19 la ak moun ki gen plis risk pou yo sibi move konsekans si yo ta pran COVID-19 la. Eta a te defini yon kalandriye pou distribisyon vaksen kont COVID-19 la. Pou konnen ki lè ou ka kalifye pou resevwa vaksen an, ale sou <https://www.mass.gov/info-details/massachusetts-covid-19-vaccination-phases>.

#### 3. Èske rezidan yo pral oblije vaksinen?

Pou kounye a, nou pa okouran de okenn plan pou rann vaksen kont COVID-19 la obligatwa, administrasyon Biden nan te fè konnen li pa gen entansyon rann vaksen an obligatwa pou tout peyi Etazini.

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/faq.html>.

#### 4. Lè vaksen kont COVID-19 la vin disponib, ki kote mwen ka jwenn li?

Ou ka pran randevou sou <https://vaxfinder.mass.gov/>. Pou jwenn yon sant vaksinasyon nan vil Boston, ale sou <https://www.boston.gov/departments/public-health-commission/covid-19-vaccine-boston>.

#### 5. Èske m ap gen pou peye pou vaksen an?

Gouvènman federal la bay tout moun vaksen an gratis. Si w gen asirans, y ap faktire w li, men ou pap gen pou peye anyen. Sepandan, ou pa oblije gen asirans pou resevwa vaksen an.

<https://www.mass.gov/info-details/covid-19-vaccine-frequently-asked-questions>.

### EFIKASITE VAKSEN AN

#### 6. Ki jan vaksen kont COVID-19 yo fonksyone?

Premye vaksen kont COVID-19 ki disponib yo travay nan deklanche sistèm iminitè a pou l pwodui

antikò. Antikò sa yo pwoteje nou pou n pa enfekte si vrè viris la ta antre nan lò nou.

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/different-vaccines.html>.

## 7. Èske vaksen an ap anpeche m pran COVID-19 la?

Done yo te jwenn nan etid klinik yo montre vaksen kont COVID-19 yo efikas anpil (jiska 95 pousan) nan anpeche moun yo pran COVID-19 la, sitou ka ki pi grav yo nan viris sa a. Anplis de resevwa vaksen an, li enpòtan tou pou w kontinye pote yon kachnen e pou kenbe distansyasyon sosyal la pou rezon sa yo:

1. Se pa tout moun k ap vaksinen anmenmtan.
2. Byenke pa gen anpil chans pou sa, li toujou posib pou pran COVID-19 la apre yon vaksen poutèt pa gen okenn vaksen ki 100 pousan efikas.
3. Pou kounye a, nou poko konnen pou konbyen tan vaksen an pral pwoteje w kont COVID-19 la.

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/vaccine-benefits.html>.

## 8. Èske mwen dwe suiv tout etap prevansyon yo si mwen konplètman vaksinen?

Yo konsidere yon moun konplètman vaksinen 2 semèn apre li resevwa dezyèm dòz vaksen Pfizer oswa Moderna a, oubyen 2 semèn apre li resevwa vaksen Johnson & Johnson's Janssen nan. Yon fwa ou konplètman vaksinen, gen kèk bagay ou kapab fè.

- Ou kapab rasanble yon kote ki fèmen ak moun ki konplètman vaksinen tou san nou pa mete kachnen.
- Ou kapab rasanble yon kote ki fèmen ak moun ki pa vaksinen e ki soti nan yon sèl lòt fwaye (pa egzanzp, si moun ki vin vizite w yo se moun ki fè pati menm fanmi an e ki abite nan menm kay) san nou pa mete kachnen, sof si youn nan moun sa yo oswa yon moun ki abite ansanm avèk yo gen plis risk pou li malad grav akòz COVID-19 la.
- Si w te toupre yon moun ki gen COVID-19, ou pa bezwen evite lòt moun ni ou pa bezwen fè yon tès, sof si w gen sentòm.

Li enpòtan pou kontinye pran prekosyon nan espas piblik yo, tankou mete kachnen, kenbe yon distans 6 pye ak lòt moun, evite kote ki chaje ak moun epi evite kote ki pa gen bon vantilasyon.

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/fully-vaccinated.html>

## 9. Si mwen te deja gen COVID-19, èske mwen bezwen vaksinen?

Vaksen kont COVID-19 la ta dwe disponib pou tout moun ki te gen COVID-19 deja. Ou pa ta dwe pran vaksen kont COVID-19 la pandan ou gen sentòm oswa si w toujou nan peryòd izolasyon an.

<https://www.cdc.gov/vaccines/covid-19/info-by-product/clinical-considerations.html>.

## SEKIRITE VAKSEN YO

### 10. Ki jan pou nou fè konnen si vaksen an gen sekirite?

Vaksen yo pase anba plis tès pase nenpòt lòt pwodui famasetik. Epitou, yo itilize pwosede fabrikasyon ki la pou asire ke chak dòz toujou gen kalite siperyè.



Yo fè anpil tès pandan etid klinik yo pou pwouve sekirite a. Pandan etid sa yo, yo vaksinen plizyè milye moun e yo teste vaksen an pou verifye si li efikas e si li gen sekirite. Administrasyon pou Manje ak Medikaman an (Food and Drug Administration, FDA) ak Komite Konsiltatif sou Pratik Vaksinasyon yo (Advisory Committee on Immunization Practices, ACIP), ki fè pati CDC yo, apwouve vaksen an e yo bay rekòmandasyon pou itilizasyon l.

Sou plizyè milye moun ki te patisipe nan etid klinik ki te fèt sou vaksen kont COVID-19 la, Moderna te rapòte 20 pou san nan yo se Panyòl/Latino, epi 9.7 pou san nan yo se Nwa (<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/different-vaccines/Moderna.html>). Pfizer te rapòte 26,2 pou san nan yo se Panyòl/Latino e 9.8 pou san se Nwa (<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/different-vaccines/Pfizer-BioNTech.html>). Nan etid klinik ki te fèt pou vaksen J&J/Janssen nan, 45.3% moun se Panyòl/Latino e 19,4% se Nwa (<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/different-vaccines/janssen.html>).

## 11. Èske vaksen an ka fè m pran COVID-19 la oswa èske li ka fè m transmèt COVID-19 la bay lòt moun?

Non, ou pa ka pran COVID-19 la nan vaksen an ni transmèt COVID-19 la bay lòt moun akòz vaksen an. Vaksen an pa gen viris ki lakòz COVID-19 la nan li. Ki vle di, vaksen an li menm pa pral fè w pran COVID-19 la oswa transmèt li bay lòt moun. <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/facts.html#:~:text=It%20typically%20takes%20a%20few,vaccination%20and%20still%20get%20sick.>

## 12. Ki efè segondè potansyèl vaksen an ka lakòz?

Gen kèk moun ki rapòte kèk ti efè segondè, ki se siy ke sistèm iminitè a ap fè travay li. Reyaksyon plis moun genyen an se ti doulè ak/oswa woujè nan zòn kote enjeksyon an antre a. Men kèk lòt efè segondè moun rapòte:

- Tèt fè mal
- Fatig
- Lafyè
- Frison
- Doulè nan mis
- Doulè nan atikilasyon

Pou kèk moun, efè segondè sa yo te pi rèd apre dezyèm dòz la.

An jeneral, lè yon vaksen bay yon moun efè segondè, efè sa yo disparèt poukont yo apre kèk jou. Li posib pou jere pifò efè segondè sa yo apre vaksen an grasa medikaman yo vann san preskripsyon, tankou asetaminofèn oswa ibipwofèn. Sepandan, yo rekòmande pou evite pran medikaman sa yo tousuit anvan ou pran vaksen an. Apre ou fin vaksinen, yo pral ba w enstriksyon sou fason ou ka jere sentòm sa yo. Yo pa t note okenn gwo pwoblèm sekirite ni okenn moun ki mouri akòz vaksen sa yo. <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/expect/after.html>.



### 13. Èske mwen ta dwe vaksinen si mwen gen alèji?

Yo rekòmande pou w pa pran vaksen an si nenpòt nan engredyan ki nan vaksen an te deja ba w yon reyaksyon alèjik. Sepandan, an jeneral, ou ka pran vaksen an menm si ou gen alèji. Si yon vaksen oswa yon terapi yo te enjekte nan kò w pou yon lòt maladi te deja ba w yon reyaksyon alèjik menm kote a, menm si li pa t grav, mande pwofesyonèl sante w si w ta dwe pran vaksen kont COVID-19 la.

Y ap siveye tout moun ki vaksinen yo pou 15 minit apre enjeksyon an pou verifye yo pa gen sentòm yon reyaksyon alèjik. Y ap siveye moun ki te deja gen gwo alèji akòz lòt vaksen oswa lòt medikaman yo te enjekte nan kò yo pou 30 minit. <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/faq.html>.

### 14. Èske timoun ak tibebe yo ka pran vaksen kont COVID la?

Yo apwouve vaksen Pfizer a pou moun ki gen 16 an oswa plis, tandiske yo apwouve vaksen Moderna a ak vaksen Johnson & Johnson nan pou moun ki gen 18 an oswa plis. Gen kèk fabrikan ki kòmanse etid klinik pou timoun ki gen 12 an oswa plis, men poko gen okenn vaksen ki apwouve pou timoun ki poko gen 16 an. Etid sa yo ap pran plizyè mwa pou yo fini e pou otorite yo apwouve vaksen pou timoun yo. <https://www.cdc.gov/vaccines/covid-19/info-by-product/moderna/index.html> <https://www.cdc.gov/vaccines/covid-19/info-by-product/pfizer/index.html>

### 15. Èske fi ki ansent yo ak fi ki ap bay tete yo ka pran vaksen kont COVID-19 la an sekirite? Èske vaksen an afekte kapasite yon moun pou l fè pitit?

Y ap fè etid konsènan sekirite vaksen kont COVID-19 yo kay fi ki ansent yo, men poko gen done sou sa. Nou konnen li pa antre nan selil tibebe k ap devlope a. Mete sou sa, nou konnen ke fi ansent yo ki pran COVID-19 la gen plis chans pou yo malad grav e sibi konplikasyon pandan gwosès yo, tankou yon akouchman anvan lè. Fi ki ansent yo ak fi ki ap bay timoun tete yo ta dwe pale sou avantaj ak risk yo avèk pwofesyonèl sante yo pou yo pran yon bon desizyon.

Pa gen okenn prèv ki montre ke COVID-19 la afekte kapasite moun pou yo fè pitit. Yo rekòmande vaksen an menm si w planifye pou w ansent talè konsa. <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/recommendations/pregnancy.html>.

### 16. Èske yo te jwenn te gen konplikasyon oswa avètisman te bay pou moun yo ki te deja vaksinen kont grip la?

Nou pa okouran okenn avètisman. Sepandan, n ap suiv sitiyasyon an ak anpil atansyon e n ap kominike w nenpòt enfòmasyon nesèsè ki ta vin disponib.

<https://www.cdc.gov/flu/prevent/misconceptions.htm>.

### 17. Ki sa nou konnen toutbon sou efè alontèm yo?

Y ap siveye efè alontèm pou tout vaksen yo. Sa gen ladan l vaksen kont COVID-19 yo tou. Jiska prezan, efè yo dokimante yo pa dire lontan e yo sanble ak efè anpil lòt vaksen lakòz.



<https://www.cdc.gov/vaccines/covid-19/reporting/index.html>.

## 18. E nouvo varyete viris la ki soti ann Ewòp? Kisa nou konnen de prezans li Ozetazini?

Nan peyi Wayòmni, yon nouvo varyant viris la soti e li gen anpil anpil mitasyon. Ta sanble varyant sa a gaye pi fasilman e pi rapidman pase lòt varyant yo. Pa gen prèv ki montre li lakòz pi gwo maladi oswa plis moun mouri. Yo te detekte varyant sa a pou premye fwa an septanm 2020. Apre sa, yo te detekte l nan anpil lòt peyi, tankou Etazini ak Kanada.

CDC yo ansanm ak lòt ajans sante piblik ap siveye sitiyoasyon an ak anpil atansyon. CDC yo ap travay pou detekte e pou karakterize varyant viral ki parèt yo e pou l devlope kapasite l pou l idantifye COVID-19 la ak nouvo varyant li yo. Nan moman sa a, se menm estrateji nou t ap itilize pou bare varyete orijinal COVID-19 la n ap itilize tou pou bare nouvo varyete a. Sa gen ladan l mete kachnen, distansyasyon sosyal ak lave men souvan. Pifò ekspè yo panse ke vaksen kont COVID-19 la ap toujou efikas kont nouvo varyant lan. <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/transmission/variant.html>.

## 19. Èske m ap bezwen yon dòz rapèl?

Yo pa detèmine si l ap nesèsè pou moun yo resevwa yon dòz rapèl pou vaksen kont COVID-19 la ni ki lè sa t ap nesèsè. Pou kounye a, pa gen dòz anplis ki rekòmande apre de premye dòz yo. <https://www.cdc.gov/vaccines/covid-19/info-by-product/clinical-considerations.html#Booster-doses>.

## 20. Èske vaksen ARNm yo ap rete nan kò mwen oswa antre nan ADN mwen?

Vaksen kont COVID-19 ki fèt apati ARNm yo pa chanje ni yo pa afekte ADN ou. Vaksen abaz ARN mesaje yo, sètadi vaksen ARNm yo, aprann selil nou yo fason pou yo pwodui yon pwoteyin ki deklanche yon reyaksyon kote sistèm iminitè a pwodui antikò k ap pwoteje nou pou n pa enfekte si vrè viris la ta antre nan kò nou. Selil la dekonpoze e elimine ARNm nan tousuit apre yo fin sèvi ak enstriksyon yo. <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/facts.html>.

## 21. Dokiman sa a pa mansyone pwoblèm sante mwen genyen an. Ki jan mwen fè konnen si mwen ka vaksinen an sekirite?

Si gen kèk bagay ki trakase w konsènan vaksen kont COVID-19 la, pale sa ak pwofesyonèl sante w.

## 22. Mwen te resevwa premye dòz vaksen Pfizer/Moderna a, èske mwen bezwen pran dezyèm dòz la?

Ni vaksen Pfizer-BioNTech la ni vaksen Moderna a se vaksen ki fonksyone ak de dòz. Ou ta dwe resevwa dezyèm dòz la nan dat yo rekòmande a oswa toupre dat sa a, sètadi 3 semèn oswa l mwa apre premye a. Sepandan, pa gen yon espas tan maksimòm ant premye dòz la ak dezyèm dòz la pou de vaksen sa yo. Ou pa ta dwe pran dezyèm dòz la anvan espas tan yo rekòmande a fin pase (<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/faq.html#doses>).

